RAGAD ADVERTENTIE:

**Kabar premili:** 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

**Advertentie limrah:** f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25). Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

B. SOEMARNA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

# SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

1 taoen . . . f 6,—
½ „ . . . f 3,—
3 woelan . . f 1,50
njoewoen kabajar roemijin.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**

IGNATIUS-COLLEGE
DJOKJAKARTA.
Telefoon no. 885.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

## JÈN MAKATEN, TJOTJOG.

Koela bingah déné karangan koela ing Sw. Tm. no. 24 dipoenwangsoeli déning sadèrèk O ing *Bahagia* no. 133. Sadèrèk O tjrijos jèn koela moengel, bilih agami Roomsch Katoelik poenika ingkang dipoenkarsakaken Pangéran, poenika logisch. Prakawis poenika boten koela rembag ing ngriki, sabab wonten papanipoen sanès ingkang langkoeng prajogi. Koela dipoenkinten „salah mangerti," pantjèn makaten, amargi koela nginten jèn Bahagia njerat „segala agama itoe *baik*" kados kalimrahanipoen tijang, tegesipoen: Islama, Boedaa, Katoelika, lsp. ija pada baé, kabèh-kabèh ija pada ngabdi ingGoesti Allah. Awit kados makaten poenika manoet nalar, genah lepat. Kados katranganipoen sadèrèk O koela sampoen tjotjog.

Sadèrèk O njerat, jèn tijang badé wangsoel dateng Allah, kedah manoet oetawi nglampahi atoeranipoen Allah sarana agami nalika gesangipoen, poenika koela tjotjog.

Sadèrèk O nerangaken, jèn wonten tijang tjrijos kados-poendi sipatipoen Goesti Allah poenika dora, sabab „Allah ikoe ora kena kinaja ngapa." Poenika inggih leres." Jèn namoeng ngertos „Allah ikoe Mahakoewasa, ana ing saenggon-enggon, Maha-sampoerna" poenika boedi saged, nanging *kados-poendi* toemindakipoen, poenika jèn wonten tijang ingkang ngaken ngertos, poenika *dora*. Èwasamanten manoengsa saged radi langkoeng mangertos dateng kawontenanipoen Allah, jèn Pandjenenganipoen medaraken.

Sadèrèk O pitados dateng wontenipoen Allah. Poenika koela tjotjog, awit poenika dados pantjadan nggajoeh kasampoernan.

Doemoeginipoen samanten, koela tjotjog. Sanèsipoen boten koela rembag ing ngriki.

Woesana sampoen kirang pangapoenten.

*Jèn Kober.*

## PRADJA RAHAJOE.

### PAKEMPALAN.

Djaman sapoenika djaman mirah pakempalan. Wedalipoen (madegipoen) ndroedoel. Poenika nembé madeg, sampoen wonten ada-ada malih sanèsipoen.

Limrahing pakempalan poenika politieka botena, wonten djoeroe moedinipoen (bestuuripoen) katahkediking djoeroe moedi manoet ageng aliting pakempalan, lan katah-kediking warga.

Djoeroe moedi waoe kadosta: Pengadjeng (Pangarsa, loerah, Voorzitter, President). Tjarik, (pangripta, secretaris). Djoeroe nampi oeroenan saben woelan (contributie) inggih poenika pananggap arta, (hartaka, penningmeester, thesaurier). Kamisepoeh, (noepiksa, = commissaris).

Amrih sakétja saha rantjaging padamelan, tampi serat-serat jèn wonten rembag-rembag saking pangrèh ageng, poenika ingatasipoen pakempalan, alita, agenga, pantjènipoen djoeroe moedi prajogi sanget ingkang toenggil papan, (sami déné tjelak-tjaket) boten pos-posan. Saboten-botenipoen jèn tjaket poenika mesti wonten bédanipoen.

Manoet pranatan pilihan, sadaja serat-serat (bangsa seratan) poenika dados bebahanipoen tjarik. Nanging jèn doenoenging tjarik, noepiksa, hartaka saking kloerahan pos-posan (2 pos langkoeng), kados-poendi anggèné saged rantjag.

Jèn noedjoe nggrabjag (ngrantjang) rembag oetawi bangsaning serat-sinerat poenika poenapa ladjeng broek petoetoek dateng tjarik kémawon, boten ndadak sraséhan roemijin. Mestinipoen inggih boten. Awit pamanggihipoen tijang 1, mesti béda lan tijang 2, sabab wonten ingkang ngoeroeni rembag. Makaten saladjengipoen saja katah saja djembar, moeloer.

Dèrèng jèn parepatan djoeroe moedi (best. vergadering) kados-poendi raosipoen, dasar sampoen sepoeh. Ngendjot padaantra pos-posan. Poenapa katjemongan poenika margi saking loemoeh oetawi wegah. Noen inggih dèrèng kinar. Namoeng lo, ngèngeti soepados saged rantjag, énggal bèrès waoe.

Mila jèn milih warga djoeroe moedi kedah ingkang premana, sampoen groesa-groesoe sakatjandakipoen (sadanganipoen), kagaliha oegi kados-poendi badé toemindaking pakarjan. Nadyan tebih jèn lampah saged énggal, (saged njepoer oetawi ngebis, lampahing serat saged gampil énggal tampi, inggih loemajan. Dasar tebih lampahing serat kangèlan, margi (lampah) namoeng saged fiets, jak inggih ragi sangsara. Na inggih jèn saged (gadah) fiets, jèn sagedipoen (gadahipoen) namoeng ngapal oetawi ngodok alias darat dos-poendi, ha rak saja répot tenan.

Rembag oetawi pamanggihipoen tijang sajah béda sanget kalijan ingkang antèr. Sampoen kanti sajah, wewah-wewah badé rembagan kesaroe ndadak wonten tamoe sakrompolan ingkang dédé toenggil golongan (dédé Kath.) poenapa ingkang kandokan (salah satoenggalipoen) saged toemanem sawidji. Bok inggiha ingkang wonten koeta, tjelak kantor pos, ingkang dèrèng dados warganing K.W. kresaa mlebet dados warganing K.W. ingrikoe saha angemoedèni. Poenapa malih jèn dasar saged toer bangsaning djempolan, lo rak langkoeng oetami, saged damel saja nggrengsenging pakempalan, wewah sinawang saged soepeket roekoen dateng kadangipoen toenggil antep boten béda lan sanèsipoen.

Wasana dadosa panggalihanipoen para kadang, poenapa-poenapa babagan pakempalan sageda toemindak saé, sakétja, rantjag, bèrès.

KI SANDIOEPAMA
ing Goewa djati kembar.

## ECONOMIE.

### RÉKANIPOEN NJÈLÈNGI MODÉL ÈNGGAL.

Redactie tampi kintoenan tjonto njèlèngi ing postspaarbank saking toewan Onder-Directeur Grotjohann. Sarana tjonto poenika, karsanipoen Toewan Directeur badé ngadjengaken tijang Indonésia njèlèngi, awit djiwa kinten-kinten 50 joeta, ingkang njèlèngi saweg doegi-doegi 50 èwoe (=$^1/_2$%), béda kalijan ing Djepang, djiwa 80 joeta, ingkang njèlèngi 37 joeta, tjèlènganipoen wah katah sanget, (2 èwoe joeta yèn, 1 yèn = f 1,25).

Tijang sepoeh kapoerih njèlèngi, angèl sanget, mila laré kémawon roemijin, laréa poenika inggih laré pamoelangan, awit toemindakipoen radi gampil.

Manoet tjonto poenika, moerid jèn njèlèngi oepami 1 sèn, ladjeng neda prangko-tjèlèngan ingkang wonten seratanipoen 1 cent, poenika dipoentèmplèkaken ing spaarkaart. Mangké jèn spaar-kaart kebak, noenten njoewoen dateng goeroenipoen nglintokaken kalijan arta ingkang sampoen dipoentjèlèngi. Arta waoe ladjeng katjatet wonten ing boekoe-tjèlèngan ing kantorpos.

Masti kémawon poenika mewahi pandamelaning goeroe, nanging goeroe malah bingah jèn moeridmoerid sami njèlèngi. Systeem (réka) njèlèngi poenika sapoenika saweg katjobi ing sawenèhing pamoelangan. Toemapakipoen saèstoe kadoegi béndjing taoen 1931.

Para goeroe ingkang kepéngin priksa woedjoeding tjonto bokmanawi kénging njoewoen dateng Pangagenging Postspaarbank.

Pamoedji koela, moegi-moegi sarana systeem (réka) poenika tijang Djawi énggal madjeng ing bab economie, saged njamèni Djepang.

## KOEROE SÉTRA.

### NGÈSTI SAÉ.

### BAB INL. SCHOOLCOMMISSIE KALIJAN GOEROE-GOEROE.

Ing samangké, padamelan Inl. Schoolcommissie poenika kapasrahaken dateng Inl. B. B. ambtenaren. (Regent dados fd. Voorzitter, Wedana dados fd. Secretaris).

Kados-poendi kedadosanipoen?

Dedasaring manahipoen tijang, poenika mesti seneng dipoenrèh bangsanipoen pijambak, tinimbang kaerèh ing tijang sanès bangsa. Nanging *manawi sami toemindak samestinipoen!*

Koela (poen Tjobolo); sampoen naté ngalami wonten ing pamoelangan ingkang kaerèh ing Inl. Schoolcommissie bangsa Walandi. Kala samanten, manah koela tansah seneng; amargi lelajananing padamelan sarwa gampil; sarwa nglegakaken manah; djer sadaja padamelan sarwa rikat, saé, lan maremaken.

Wangsoel sapoenika, koela kaerèh ing Inl. Schoolcommissie bangsa Djawi. Leresipoen kedah bingah; amargi kaerèh ing bangsa pijambak; dados sampoen mangertos dateng adat lan wewatekanipoen bangsa Djawi: Nanging woesananipoen *djeboel kosok-wangsoel.*

Koela boten badé ngawon-awon dateng Inl. Sehoolcommissie bangsa Djawi ing oemoeimpoen; awit mesti *boten sadaja* sami toemindak kados ingkang badé koela andar ing ngandap poenika. Mila koela soewoen kanti sanget, soepados ingkang *boten kataman* karsaa ngagem minangka *pepènget*; ingkang *ketaman* karsaa ngéwahi *tindakipoen;* moerih saénipoen.

Ing distr: *Tjk;* res. Bagelèn; toemindakipoen Secretaris Inl. Sch. Comm: boten njenengaken manah koela. Terkadang inggih boten namoeng koela (Tjobolo) ingkang boten seneng: malah saged oegi katah. Djalaranipoen, boten sanès, lelajananipoen Inl. Sch: Comm: kalijan goeroe$^2$, tansah wonten kémawon ingkang moeroegaken mandekel. Koela boten ngobrol: nanging wonten boektinipoen:

1 Secr: Inl. School. comm: kirang nggatosaken dateng kaperloewaning goeroe-goeroe. Wonten satoenggiling goeroe ing dist: Tjk; ingkang nglampahaken panjoewoenan tambahan blandja. Anggènipoen ngadjeng-adjeng datenging besluit ngantos dangoe: amargi...... makloem, goeroe poenika pamedalipoen sapinten? Mila badé gadah indakan sakedik kémawon, anggènipoen ngadjeng-adjeng inggih temenan. Djeboel ngantos 8 woelan besluit dèrèng medak; mesti kémawon goeroe waoe inggih ladjeng nggagas ingkang boten$^2$; koewatos jèn anggènipoen dèrèng tampi poenika amargi kanggé ngoekoem kalepatan; mangka boten roemaos lepat. Mila pepoetoning tékad ladjeng kaoeroes. Djeboel sareng kaoeroes; serat panjoewoenan taksih ngorok wonten kantoripoen Secretaris. Dados anggènipoen tilem ing kantor Secr. ngantos 8 woelan. Sareng sampoen kalampahaken, sakedap kémawon inggih ladjeng djedil koemléjang saking Weltevreden.

Lelampahan ing nginggil poenika dadosa pémoet; sampoen ngantos dipoenkaping kalih. Amargi lepat tigang warni 1e. *boten netepi koewadjiban* 2e. *njapèlèkaken* dateng *kabetahaning* sanès. 3e. njiasat tijang blandja alit, alias katjingkrangan.

II. Anggènipoen Secr: roemaos mréntah. Boektinipoen: ing satoenggiling wekdal: wonten mantri goeroe tampi serat, temboengipoen: „mantri goeroe katimbalan dateng kantoran nampi serat." Lo, teka samanten! Poenapa serat poenika kedah kapendet pijambak déning ingkang tampi? Poenapa perloenipoen adrès? Poenapa boten saged kéngkénan oepas? Poenapa boten saged ngintoenaken dateng prabot ingkang sami sowan dateng kantoran? Lan malih serat poenika waoe............ djeboel namoeng *panggilan* factuur barang$^2$ saking gevangenis Madioen. O, o: namoeng nampi panggilan serat kémawon teka mantri goeroe kapoerih ngadep! Memelas dradjad goeroe! Teka asor temen! Koela soewoen moegi sampoen kalampahan malih: amargi makaten poenika sampoen djangkep *kaping kalih.* Toedjoenipoen mantri goeroe boten poeroen ngadep.

III. Boten ngaosi dateng baoening goeroe-goeroe.

Mitoeroet dawoeh saking Gouverneur: ing dinten Setoe legi tanggal 7 Juni 1930 poenika; pamoelanganpamoelangan kedah katoetoep. Nanging ing semoe Secr: Sch. Comm. Tjk. boten nggatosaken. Tandanipoen ing pamoelangan K: boten tampi dawoeh. Koela mireng ing pamoelangan sanès ing ressort Tjk. inggih sami boten tampi. Malah ing pamoelangan ingkang wonten ngadjeng dalemipoen Secr: inggih boten tampi. Mangka sadaja pamoelangan ing ressort Secr: Inl. Sch. Comm. P. W. R. sadaja katoetoep. Lo, rak memelas: goeroe-goeroe ingkang wonten ressort Tjk! Katah pamoelangan ingkang toetoepipoen sampoen djam 10 (tg: 7/6-30): amargi ngentosi dawoeh: nanging meksa boten wonten. Saking kesesanipoen laré: djam 10 waoe ladjeng sami mladjeng mantoek boten kénging dipoen-géndoli: amargi soemerep laré ingkang sekolah ing kita boten loemebet djalaran liboer. Dados goeroenipoen kapeksa mlongo, amargi moeridipoen bibar.

Wonten oegi pamoelangan ingkang boten katoetoep.

Lelampahan poenika nijat koela oemoemaken, amargi boten pantes sanget, ing atasipoen liboeran mawi kadawoehaken déning Gouverneur teka dipoen damel sasekétjanipoen kémawon.

Poenapa boten welas dateng goeroe-goeroe ingkang sami roemaos baoenipoen kanggé dolanan? mBok ngèngeti: poenika djaman poenapa? Tijang ingkang inggil kawroehipoen lan gadah raos kamanoengsan mesti njingkiri dateng tindak sawenangwenang.

Doemoegi samanten, koela boten ngladjengaken panalangsa oetawi panggroendel: nanging koela (poen Tjobolo) gadah panjoewoen; moegi tindak-tindak ingkang sampoen boten salaras kalijan djamanipoen poenika dipoensingkirana! Djer djaman samangké sampoen béda kalijan Madjapaitan. Koela njerat poenika *ngèsti kasaénan:* soepados lelajananing padamelan toemrap goeroe-goeroe kalijan Inl. Sch. Comm. waoe saged saé, roentoet, boten tansah damel mendekel. Nanging sagedipoen makaten, namoeng jèn goeroe-goeroe kalijan Sch. Comm. waoe saé pasrawoenganipoen. Mangka ing wekdal poenika, goeroe$^2$ kalijan Secr. Sch. Comm. ing Tjk. waoe, prasasat boten wanoeh. Boten wonten tjara visite, oetawi.... kados satjaraning prijantoen kalijan kaléréhanipoen, oetawi tijang kalijan manoengsa. Jèn karsa ngéwahi padatan ingkang boten salaras waoe, mesti badé saé kadadosanipoen.

Panginten koela, temboeng koela ing nginggil poenika mesti badé wonten boentoetipoen. Nanging koela (poen Tjobolo) namoeng ngantepi leres; watekipoen *leres* poenika *kedah menang* kalijan *lepat.* Kalijan malih Tjobolo namoeng ngèngeti bersama-sama *tjari menir:* njamboet damel sesarengan. Dan.... Tjobolo boekan pembohong!

Doemoegi samanten, atoer koela, koela tjoegag roemijin. Déné prakawis ing nginggil waoe, Tjobolo boten saged ndoemoek ingkang lepat, poenapa Secretaris Inl. Sch. Comm. pijambak, poenapa djoeroe seratipoen. Prakawis poenika Tjobolo boten koemedah soemerep; nanging ngantepi jèn doenoenging lepat wonwonten Secretariaat Inl. Sch. Comm.

poen: *Tjobolo Bagelèn.*

## ISINIPOEN:

Jèn makaten tjotjog—Pakempalan—Rékanipoen njèlèngi modèl énggal — Ngèsti saé — P. G. D. ressort Karanganjar—Mangsoeli sekoel wadang — Vervolg-volledigeschool — Tooneelopvoering Hadji Saka—Sandjan-sinandjan — Motie Batang — Motie Soerakarta — Sabda G. G. wonten Raad kawoela—Ontjèn sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

## WARA-WARA.

Sadèrèk ingkang dipoenkintoeni *proefnummer,* manawi *boten karsa lengganan,* kaatoeran *mangsoelaken.* Jèn ngantos kakintoenan proefnummer *kaping kalih,* mangka boten mangsoelaken, ladjeng *katetepaken* dados lengganan.

*Administratie.*

## P. G. D. RESSORT KARANGANJAR.

Swara Tama no. 21, woelan Mei, sadèrèk !?! martosaken verslag ledenvergadering P. G. H. B. ing Bandjarnegara (?. D. Tj.). Ingkang dados memanahan koela boten wonten malih-malih kedjawi no. 6 voorstelvoorstel (motie P. G. D.) pérangan A. lan pérangan B. Melas sanget! Koela persoonlijk ingkang boten kataman, toemoet ngraosaken nggrantes. Soemerep beleid A. W. ingkang ladjeng madosi sinten ingkang gadah soeara, koela wani, mastani bilih A. W. ingkang kirang prawira. Kénging poenapa? Rèhné bab poenika motie saking P. G. D. boten perloe ladjeng madosi ingkang njoewara. Manawi kapara njata prawira rak ladjeng tepang rembag kémawon kalijan P. G. D. Soemelang koela malih, beleid ingkang kados makaten poenika, poenapa boten badé njahak, wewenangipoen warganing pakempalan njoeara wonten ing vergadering. Sebabipoen? Manawi wonten warga poeroen ngedalaken pemanggihipoen, — toer dèrèng temtoe katampi ing rapat — ladjeng tampi pangantjam (opmerking) ingkang boten njakétjani manah, ingkang temtoe warga waoe, rèhné ngroemaosi alitipoen, inggih trimah kèndel toetoep moeloet. Sanadjan boten moepakat, oetawi gadah pepanggih ingkang moerakabi, kepeksa diam. Dangoe-dangoe poenapa boten badé medjahi actie.

*Sajektos g. d. ingkang gadah oesoel bab motie waoe gampilipoen dipoen-gentjèt, dipoentjap B. — D. via C. alias gombinis.* (cursief saking D. Tj.). Saja melas! Poenapa A. W. ingkang kados makaten, mirah anggènipoen ndawahaken tjap mérah nama oetami? Rak malah ngoedang sijoengé batara Kala. Ngoetik-oetik matjan saré. Saged oegi saweg klèntoe. Sampoen malih ingkang A. W. botena klèntoe, tijang ingkang regeeringsafgevaardigde ing volksraad kémawon toena doengkap. Soewargi Rama F. van Lith oegi dipoendakwa rose (djambon). *De Politiek van Nederland ten opzichte van Nederlandsch — Indie,* karanganipoen soewargi Rama van Lith pribadi, katja 34 wonten pangandikanipoen: — „Door den heer Muurling, regeeringsafgevaardigde in den Volksraad, ben ik rose genoemd, omdat ik met den socialist Cramer, den burgemeester van Semarang en de Inlandsche leden, de minderheidsnota der Herzieningscommissie heb geteekend." Para sadèrèk pirsa pijambak, swargi rama v. Lith poenika sinten?

Bravo P. G. H. B. ngrika. Mangga sami dipoenboemboni malih kanggé bantjakan congres P. G. H. B. ngadjeng poenika.

B. Premisèn g. d. saladjengipoen .... Beleid Schoolopziener ingkang kados makaten poenika èwed anggèn koela badé mastani! Poenapa kemempengen anggènipoen pados... poenapa kalebeten anggènipoen ambjoer ing kedoenging mobilisatie Indonesia! Saja mbebajani sanget, manawi loerah S. O. waoe saged

# KABAR SAKING PAKEMPALAN.

## TOONEELOPVOERING HADJI SAKA.

Morgenster ing Soerakarta temtoe kasembadan ngawontenaken Opvoering Hadji Saka:

Sasampoenipoen openingsrede, sadèrèk Joesoep Siswasoebrata sesorah bab pandvinderij, ngandaraken toedjoenipoen, saha katijasanipoen, nganggé toelada - toelada mendet saking boekoe karanganipoen Sir Robert Baden Powell. Sesorah poenika njamleng kapirengaken.

Bakda sesorah „Hadji Saka'' kawiwitan. Ing ngriki dedongènganipoen Hadji Saka boten perloe koela serat.

Ingkang sami dados tooneel katah ingkang maremaken manah. Kedjawi Hadji Saka, Déwatatjengkar saha Patih Tengger, taksih wonten sanèsipoen ingkang moeroegaken kakening kantja weteng, kadosta: tijang doesoen ingkang ndjatil saha pletja-pletjoe njoembari predjoerit, Pak Kamprèt ingkang mentas bajèn, saha sanèsipoen.

Sanadjan toedjoening opvoering oegi sageda mitoeloengi kasangsaran ing Télamaja, salebeting pauze kantja padvinder ngideraken bèsi, saha katah oegi ingkang mbikak dompètipoen. Angsal - angsalanipoen loemajan.

Tjekak aos, Morgenster pantes tampi pangalembana margi gadah warga ingkang rigen, boten ngétang sajah saha kangèlan, malah boten éman ngoedari tangsoeling kantong.

Langkoeng - langkoeng sadèrèk ingkang makaten poenika pantes tampi: Proficiat lair batos mawantoe-wantoe.

C. C. Sl. MOELAT.

## SANDJAN - SINANDJAN.

Ing salebetipoen woelan Mei ingkang kapengker poenika para gotrah Katholiek ing koekoeban Moengkid sami ngwontenaken **„sandjan - sinandjan"** saben 14 dinten sapisan. Sandjan - sinandjan waoe tinangsoelan mawi **„spaarbond,"** madeg kanti lid 12. Poenika dèrèng sedaja; kinten koela gotrah Katholiek sanèsipoen énggal badé noetoeti! Tjilik, ning anggeré teroes iplik!

Kala dinten Djoemoewah ddo. 13-6-30 para gotrah Katholiek kaseboet nginggil sami ngempal wonten dalemipoen sadèrèk sepoeh ing rikoe R. S. Martasoewignja mantri goeroe Vervolgschool Moengkid.

Nalika poenika kadatengan:

1. Propagandist *V. Lith Stichting* pandjenenganipoen Hr. P. Kandam saking Moentilan. Pandjenenganipoen nerangaken prekawis kaseboet, pandjang lébar. Sadèrèk ingkang dèrèng dados lid, teroes mlebet dados lid sadaja.

2. Hr. Moeh saking Blondo, nerangaken bab *Roekti - Woeri* lan *Soeara-Katholiek*. Sadèrèk ingkang dèrèng dados lid lan dèrèng dados lengganan, oegi ladjeng mlebet dados lid R.W. lan lengganan S.K.

VERSLAGGEVER.

---

idoe geni. Manawi badé anggajoeh dradjad pangkat inggil sampoen ngagem landesan antjik-antjik kaoem alit. Mesakaken mindak mèndèngaken badan. Prajogi mawi kakijatanipoen pijambak. Bokmanawi kémawon dipoen-galih blandjanipoen (artanipoen) kontja g. d. sampoen tirah-tirah. Bokmanawi dèrèng midanget wontenipoen vakvereenigingen sami manoenggil dados satoenggil, ingkang sami tjantjoet badé mboengkar B. B. L. taoen 25, soepados para kaoem blandjan blandjanipoen sami dipoendandosi. O, inggih kèmoetan, saged oegi arta tjowokan waoe badé kagem nambeli kiranging begrooting taoen 31.

Mangga para sadèrèk, sami dipoenprihatosaken sadèrèk P. G. D. ing Karanganjar. Ing ngrikoe goenanipoen vakvereeniging ladjeng katinggal. Mila para kantja ingkang dèrèng sami nggebjoer ing vakvereenigingipoen pijambak - pijambak, énggal koela atoeri. Béndjing manawi P. G. H. B. congrès kondangan ngepoeng ambeng Karanganjaran badé koela amini.

Talim koela.

*R. I. Mariatma.*

# ONDERWIJS.

## VERVOLG. = VOLLEDIGE SCHOOL?

Pamoelangan kalih nginggil poenika, manawi manoet theorie kedah sami gradipoen; nanging practijkipoen tangèh sanget manawi saged sami. Djalaranipoen:

I. Klas 1 doemoegi 3 kwaliteitipoen goeroe boten sami. (Vervolg: sadèrèk goeroe doesoen).

II. Pamoelangan doesoen wonten ingkang sapamoelangan (3 klas) goeroenipoen namoeng satoenggal. Kadjawi piwoelangipoen katah ingkang boten toemandja; wekdalipoen sinaoe inggih kirang sanget. (Klas 3 mlebet djam 10.30 — djam 1, dangoenipoen satengah taoen). Volledige school boten mekaten.

III. Vervolg: tampi saking pamoelangan pinten - pinten panggénan; andjalari kasagedanipoen laré kedah karatjakaken roemijin. (Ingkang mesti lagoe maos lan seratanipoen sami katah bédanipoen). Sareng ing Volledig boten, tijang wonten klas 3 kasagedan sampoen ratjak, toer tjepenganipoen tijang satoenggal.

IV. Moerid Vervolg ratjak grijanipoen tebih-tebih. Wonten pamoelangan katah ingkang awakipoen lesoe, margi sajah. Nampi woelangan rekaos. Absèn 10%, sampoen kénging dipoenwastani saé. Volledige school poenapa inggih makaten?

V. Moerid Vervolg mèh 50% sami peksan. Wonten pamoelangan roemaos oekoeman. Kados - poendi panampinipoen woelangan? Tijang dasaripoen boten seneng. Manawi goeroe boten poeroen minta-minta tolong kalijan kepala doesoen, oetawi éman-éman ngedalaken phoeloes, kanggé njeneng - njenengaken laré, inggih boten badé angsal moerid. Balik Volledig; kapara noelak laré.

Manoet katerangan nginggil poenika, tjeta manawi boten saged sami.

Boten langkoeng panjoewoen koela, prijantoen ingkang kadjibah Inspectie kémawon koela atoeri pandjang penggalihanipoen, manawi priksa Vervolgschool ingkang kantoenipoen ragi katah katimbang lan Volledige school.

Gegandéngan kalijan prakawis nginggil, poenapa boten prajogi manawi examen kanggé toelatting Normaalschool, pandadaripoen inggih kapilah-pilah. Vervolg mengsah Vervolg. Volledig inggih mengsah Volledig. Déné ingkang katampi inggih kedah adil. Mitoeroet tetandinganipoen laré Vervolg lan Volledig. Manawi katahing laré golongan kalih waoe sami; pamendetipoen inggih kedah sami. Betah laré 20 oepaminipoen; amrih adilipoen laré Vervolg 10. Volledig inggih 10.

Wasana ingkang sami djoemeneng Directeur N. S. lan ingkang asring djoemeneng examinator kémawon kersaa menggalih prakawis ing nginggil.

*P. T. T.*

## MANGSOELI SEKOEL WADANG.

Sinten ingkang wadjib mikir oetawi mikantoekakaken?

Para sadèrèk! nampéjan sampoen sami pirsa pijambak, jèn kadang-kadang djengandika boten namoeng moentel dados Goeroe oetawi sanèsipoen ing djadjahan MISSIE kémawon. Katah oegi ingkang njlempit-njlempit, mentjil, wonten ingkang tebih lèr, tebih kidoel, tebih saking papan pamoedjan kita Kath. ngantos wonten ingkang pos - posan.

Kados-poendi manawi noedjoe dawah dinten ageng ingkang wadjib kita moeljakaken?

Panjrapat koela sami belang-bentèng, pating kledjing. Wonten ingkang teroes njamboet damel (ngriki njamboet damel tegesipoen ingkang pantjèn saged vrij) wonten ingkang pamit (verlof) wonten malih ingkang asring pamit namoeng sawatawis wekdal, wonten ingkang kaanggep pantjèn vacantie (liboer pijambak; oepami kados déné Goeroe Christen ing pamoelangan Opnb.)

Ingkang makaten poenika poenapa boten damel pitoena?

Poenapa dèrèng wonten dawoeh? noen sampoen. Mandar tjara Wlandi. Nanging ngèngeti dédé basanipoen (basa Indonesijah) pijambak, saha pamanggihipoen tijang katah boten sami fahamipoen (anggèné negesi) wonten godjag - gadjeg, tida - tida, dados inggih ladjeng kados kaseboet ing nginggil klampahipoen.

Rèhning makaten kadadosanipoen, sinten ingkang wadjib nggamblangaken oetawi madangaken lan paring pitoeloengan mikangsalaken dateng kadang nampéjan ingkang dèrèng (boten) moedeng babar pisan? Inggih poenika, jèn dinten ageng kita Kath. ingkang pantjèn wadjib (kedah) kamoeljakaken kados déné ingkang kaseboet ing Almanak, (algemeen erkende Christelijke feestdagen) kita angsal vrij (vacantie) dados boten kapétang verlof?

KI AGENG BOETOEH.

## MOTIE BATANG.

Openbare vergadering P. G. H. B. afd. Batang pada 15-6-30 bertempat digedoeng bioscoop, dihadiri oleh 127 orang, diantara mana ada seorang wakil P.S.I. afd. Batang dan seorang wakil P. G.H. B. afd. Limpoeng,

Mendengar,

pembitjaraan-pembitjaraan dalam vergadering itoe hal voorstel H. I. O.-Commissie tentang penjetopan H.I.S.,

Menimbang,

bahwa penjetopan H.I.S. itoe tidak sepatoetnja,

Memoetoeskan,

a) menjatakan setoedjoenja dengan pendapatan V.B. P. G. H. B. tentang voorstel H. I. O. Commissie, termoeat dalam Conclusie pada brochure, jang telah disiarkan,

b) mengirimkan motie ini kepada V.B. P. G. H. B. — soepaja didjalankan dengan semestinja akan mempertahan voorstel H.I.O.-Commissie terseboet, djangan sampai diterima oleh Pemerintah. —

c) menjiarkan motie ini pada pers. —

Laloe meneroeskan pembitjaraan.

---

## SOERAKARTA.

## MOTIE B.A.P.A.

Rapat terboeka dari B. A. P. A. („Badan-Akan-Perlindoengan-Anak'' jang terdjadi atas perwakilannja 19 perkoempoelan dikota Soerakarta) diadakan pada tg. 13 Juni '30 digedoeng Habipraja (Soerakarta), dikoendjoengi oleh koerang lebih 600 orang, diantaranja adalah wakil-wakil dari 33 perkoempoelan, jalah: 1. B. O. afd. Solo, 2. P. G. H. B. afd. Solo, 3. Mohammadijah afd. Solo, 4. Perkoempoelan Prijaji Mangkoenagaran, 5. Garap-Bond, 6. Tresnoprodjo, 7. Pakempalan Penanggap, 8. Pakempalan Pagantosan Djawi, 9. Kridowatjono, 10. Post, 11. Rotowasono, 12. Mars, 13. Jatnosidojo, 14. Mardiboso, 15. Mardibakso, 16. Radyopoestoko, 17. SCV. 18. CNS. 19. Setyo Soedoro, (semoeanja anggota B. A. P. A.) 20. Opium Regie Bond. 21. PPKD. 22. 'sLandskasbond, 23. Neutrale Schoolvereeniging Sragen, 24. Kridosarojo, 25. Madé Poestoko, 26. Amongsiswo, 27. BO. afd. Wonogiri, 28. Hoofdbestuur BO., 29. Verbondsbestuur PGHB., 30. KDO. (Perserikatan Saudagar di Solo), 31. PGHB. Sragen, 32. Mohammadijah Sragen dan 33. Commissie van advies Sragen.


VAN LITH - STICHTING.

POENAPA woelan poenika Pandjenengan sampoen ambajar Contributie V. L. S.?

Pangrèh V.L.S.

Bijz. H. I. S.

MAGELANG.


Mendengar pembitjaraan - pembitjaraan tentang rapport dan eindconclusienja HIO - commissie jang telah disiarkan dalam soerat-soerat kabar.

Menimbang:

1e. bahwa HIS dan Schakelschool itoe masih perloe benar adanja bagi kemadjoean Ra'iat Indonesia, dan terlebih-lebih penting ertinja bagi anak-anak jang akan meneroeskan peladjarannja,

2e. bahwa HIS dan Schakelschool itoe beloem mentjoekoepi banjaknja, terboekti dari banjaknja anak-anak jang tiap-tiap tahoen terpaksa tiada dapat tempat,

3e. bahwa penjetopan HIS dan Schakelschool itoe akan berarti semata-mata mentjegah kemaoean Ra'iat menoentoet kemadjoean, hal mana Pemerintah Indonesia akan menanggoeng djawab jang amat berat,

4e. bahwa dalam peri hal memberi pengadjaran kepada Ra'iat itoe boekan semestinja orang bertanja, apa pengadjaran itoe akan memberi laba (rendabel) atau tidak, apa lagi akan terlebih nampak gandjilnja, djika pertanjaan ini hanja dikenakan bagi *sebagian* dari pendoedoek sadja (dimaksoedkan: hanja bagi Indonesiers) boekan bagi bangsa Europa dan bangsa asing,

5e. bahwa kechawatiran tentang adanja werkloosheid itoe boekan semestinja dihoeboengkan dengan soesoenan pengadjaran sadja, akan tetapi haroes berhoeboeng dengan welvaartspolitiek jang sehat,

6e. bahwa berhoeboeng dengan kemadjoean tanah Indonesia, Pemerintah akan selaloe memboetoehkan kepada pegawai ketjil-ketjil jang mendapat didikan jang patoet, sehingga anak-anak keloearan HIS. dan Schakelschool itoe tentoe akan dapat ditempatkan dalam lingkoengan Pemerintahan jang bergoena bagi oemoem, asal Pemerintah soeka memberi kesempatan,

7e. bahwa berhoeboeng dengan banjaknja anak-anak jang djatoeh ditengah djalan, dan djoega bagi keperloean anak-anak jang akan melandjoetkan peladjarannja, perloe sekali HIS. itoe diperbaiki,

8e. bahwa perbaikan ini dapat dilakoekan dengan tiada mengoebah soesoenan pengadjaran jang ada, sehingga tiada perloe Pemerintah mengadakan pertjobaan baharoe,

9e. bahwa maksoed akan memperloeas dan memperdalam pengadjaran pada sekolah kl. II. dan sekolah desa itoe, adalah tjita-tjita jang selaloe dinanti-nantikan oleh Ra'iat, akan tetapi seteroesnja djangan sekali-kali dipergoenakan bagi alasan oentoek mengoerangi atau menghilangkan H.I.S. dan Schakelschool.

Berpendapatan: bahwa Conclusie H.I.O.C. tentang penjetopan H.I.S. dan Schakelschool itoe akan berbahaja bagi kemadjoean Ra'iat dan tanah Indonesia.

Mempersilahkan kepada Regeering, Volksraad dan Departement van Onderwijs en Eeredienst soepaja djangan sampai menerima pendapatan H. I. O. Commissie tentang stopnja H. I. O. itoe.

Memoetoeskan:

1e. Memberi persetoedjoean kepada pendapatan Verbondsbestuur P. G. H. B. jang disiarkan dalam brochurenja „H.I.S. in gevaar",

2e. Menjampaikan motie ini kepada Pemerintah, Departement Van Onderwijs en Eeredienst, Volksraad dan Verbondsbestuur P. G. H. B., dan mengoemoemkannja dalam pers,

Laloe melandjoetkan pembitjaraan.

# SABDA G. G. WONTEN RAAD KAWOELA.

Kados adat saben, kala badé tapoekipoen parepatan Raad Kawoela, tanggal 16 Juni poenika, Ingkang Witjaksa Goepernoer Djéndral mawi medar sabda.

Sabdanipoen Ingkang Witjaksana waoe, kénging karingkes makaten:

1. Ngandikakaken bilih Indonésia poenika oegi sampoen kawitjal wonten salebeting djagad internationaal.

2. Taoen kapengker Paréntah sampoen wiwit toemandang kanggé ngajomi tanah poenika kados ingkang katetepaken kala taoen 27, mawi ngèngeti oegi kekijataning financiën.

3. Salebetipoen woelan - woelan ingkang akir, kasebabaken saking nalar pinten - pinten andjalari doemados éwah - éwahan ingkang toemama boten saé wonten ing djagad padagangan oemoem. Reregèn gendis lan timah wedalan ngriki mlorot, inggih margi indaking pamedal barang waoe ing tanah ngamantja. Mloroting reregèn waoe oegi kadajan koerscrisis in Amerika Sarékat kala October taoen kapengker. Semanten oegi reregèn karèt, kopi, tèh, kopra, lisah klentik wedalan ngriki oegi mlorot.

Soedaning medalipoen barang ing ngriki oegi andjalari soedaning lebetipoen barang ing tanah ngriki.

4. Kawontenaning economie ing nomer 3 waoe sampoen mesti kémawon andajani dateng artanipoen nagari, ngantos paréntah badé ngwontenaken pangiridan.

Kapratélakaken bilih anggènipoen *badé ngindakaken paos loemebeting barang, vennootschapsbelasting, paos pamedal, handelszegel* ingkang tjalon saged mewahi pamedal $15\frac{1}{2}$ mlijoen, poenika namoeng kanggé *sawatawis taoen.*

5. Raad Kawoela tjalon saged angrembag rantjangan pranatan oemoem kanggé namtokaken pranatan pènsijoen énggal toemrap prijantoen warga localeraden.

6. Prakawis njaèkaken pranatan arta pitoeloengan dateng warisipoen prijantoen nagari bangsa Indonésia, mèh rampoeng panggarapipoen.

7. Ngandikakaken badé wontening bestuurshervorming ing sadjawining tanah Djawi.

8. Heerendienst badé kasoewak saking sakedik.

9. Salebetipoen taoen poenika Raad Kawoela bokmanawi sampoen saged kapasrahan angrembag rantjangan pranatan - koeli énggal, ingkang kanti angèngeti betahing onderneming toewin kasagahanipoen Tweede Kamer kala 12 Juni 1924, badé kawiwitan anjoewak wontening poenale sanctie.

10. Nagari teroes niti priksa gemeenteraad poendi ingkang koersinipoen kanggé warga dédé Walandi pantes kaindakaken. Sasampoenipoen Malang, ingkang kaindakaken makaten poenika, Menado. Kala taoen kapengker Menado lan Bandjarmasin ngwontenaken pilihan gemeenteraad.

11. Paréntah sampoen rerembagan kalijan pangageng ing tanah Kadjawèn preloe ngawontenaken babadan ingkang soeka rembag.

12. Margi pranatan milih ing sapoenika taksih wonten tjatjadipoen, béndjing bakda pilihan Raad Kawoela ngadjeng poenika, paréntah badé rerembagan kalijan Paréntah Agoeng ing Nederland perloe njinaoe ngéwahi pranatan waoe.

13. Capaciteitipoen Normaalschool djaler 7, lan Normaalschool èstri satoenggal badé katikelaken kalih. Kadjawi poenika nagari badé ambikak Normaalschool èstri satoenggal malih.

14. Rèhné A.M.S. Soerakarta bagéjan Kasoesastran Wétanan kala taoen kapengker sampoen ngedalaken moerid, mila Nagari manggalih sampoen titimangsanipoen dipoenwonteni Litteraire Faculteit (1931).

15. Saminipoen bangsa Tionghoa kalijan Walandi, béndjing mesti kelampah. Sapoenika saweg karembag komisi.

16. Para panoentoen P. N. I. ingkang sapoenika sami wonten tahanan, poenika manoet papriksan, tétéla kalepatan nerak artikel 169 lan 153 bis ing Wetboek van Strafrecht, mila badé kapasrahaken dateng pangadilan. Kados-poendi kémawon poetoesaning pangadilan, Nagari badé ngaosi poetoesan waoe. Déné manawi mbéndjing teksih wonten actie malih ingkang mbebajani (saking tijang ingkang sapoenika lalajanan kalijan pangadilan oet. tijang sanès), ngèngeti anggènipoen gadah kawadjiban ngreksa katentreman, Paréntah badé migoenakaken wewenangipoen kados ingkang katjeta ing art. 35 lan tjandakipoen ing Indische Staatsregeling (. . . exorbitante rechten).

* *
*

Makaten ringkesaning soeraosipoen Troonrede G. G. kala napoekaken parepatan Raad Kawoela, ingkang koela manah perloe.

Prakawis ingkang dipoenraosaken *sadaja* kawoela, boten pilih - pilih, mesti kémawon anggènipoen Nagari badé ngwontenaken *pangiridan.*

Sanadyan sampoen kapangandikakaken bilih indaking paos pamedal waoe namoeng kanggé *sawatawis taoen,* soeprandéné saben tijang saged namtokaken badé mlinderipoen poendaking kawoela. Lan *sawatawis taoen* wonten salebeting *sangsara,* poenika *boten sakedap!*

Nanging, inggih kados - poendi malih! Koela matoer makaten, . . . betèkipoen kita boten saged poenapa-poenapa, kita boten gadah *daja* poenapa-poenapa!

Mila, wiwit sapoenika pamoepoes ingkang makaten waoe kedah kinantènan *ngirid* wedaling arta ing salebeting *grija kita pijambak.* Sampoen andongakaken woeroenging karsaning Nagari ing bab prakawis poenika, mindak sami kalijan ngadjeng - adjeng gogrogipoen lintang saking langit!

Tjekap semanten kémawon!

*Pak Tyon.*

19-6-30.

## CORRESPONDENTIE:

Sad. Ketjil, ngentosi minggoe ngadjeng.
Rm. M. Kr. te Medari, prajogi, ananging kersaa menggalih seratipoen administratie.—
Sad. Djalaran, poensrantosaken.

**Poenapa pandjenengan sampoen ngloenasi kwartal 2? Sampoen? — Sokoer! — Dèrèng? Mangga énggal maringi. Minggoe ngadjeng badé dipoenkintoeni postwissel tagihan kanggé kwartal 3.—**

**Administratie.**

# OERAP-SARI

(PETIKAN SERAT-SERAT KABAR SANÈS).

## KABAR KATHOLIEK.

**Ngatoeri priksa.**

**Béndjing Ngahad tanggal kaping 13 woelan Juli 1930 ngadjeng poenika, ing Kalibawang badé kawontenaken processie, saking Grédja alit ing Plasa dateng goewa Lourdes - tiron ing sendang Sana. Ngiras soedjarah dateng ing goewa waoe.**

**Wiwiting processie ± djam 9 éndjing.**

**Rampoengipoen ± djam $11\frac{1}{4}$.**

**Ingkang poenika andadosna kawoeningan. Kadjawi saking poenika, temtoe andadosaken gambiraning manahipoen para gotrah Katholiek ing Kalibawang, menawi katah para prijantoen ingkang sami kersa ngrodjongi sadèrèk Katholiek Kalibawang anggènipoen anggrebeg Sang Maha Praboe Kristoes, inggih poenika andèrèk processie.**

**Toemrap tijang ingkang dèrèng pitados inggih saged ketarik manahipoen, menawi njipati roekoenipoen bangsa Katholiek, boten mawi mawang dradjad saha pangkat, bangsa toewin golongan.**

**Pènget:** Marginipoen, manawi kaladjoe:
saking **Ngajodja—Pastoeran Bara.**
oetawi **Ngajodja — Slandèn** (salèr Assisténan Kalibawang) poenika ingkang prajogi pijambak, namoeng kantoen mlampah darat $^3/_4$ djam doemoegi Promasan lan marginipoen oegi langkoeng gampil.
saking **Moentilan** oet. **Mendoet — Dawang** sanding Praga.
**Koela Pastoor J. Prennthaler.**

### Mis Soetji ing Bara.

Wiwit Ngahad bakda Paskah 1930 ing Bara saben Ngahad wonten Mis Soetji kaping 2, djam 6 lan djam 8.

### Daredah prakawis Malta.

Tilgram saking Malta 16 Juni, njarijosaken: Gandèng kalijan protès dalem Maha Biskop ing Malta bab tandoekipoen poelisi, Lord Strickland wonten ing wangsoelanipoen amratélakaken boten saged nglepataken oet. natjad tindakipoen poelisi, margi pantjèn boten wonten sababipoen. Kg. Maha Biskop kaèngetaken bilih tata tentreming gesang sasarengan makaten wonten tanganing poelisi.

Prakawis anggènipoen serat kabaripoen nagari ngadjangi artikel-artikelipoen Strickland poenika sampoen leresipoen. Djer kaseboet ing Witboek wonten pandakwa-pandakwa saking Vaticaan dateng Strickland. Mila anggènipoen mangsoeli inggih sampoen mapan manawi kawrat wonten o f f i c i e e l serat kabar nagari. (Ringkesan tilgram Malta 16 Juni).

Vaticaanstad 20 Juni,
Aneta Reuter.

V a t i c a a n ngedalaken Witboek kanggé nimbangi Witboek damelan Inggris. Katetepaken: Lord Strickland awatak: ngrerisak (erasiaansch), tansah badé ngleboer daradjading Pasamoean Soetji ingkang ingajoman ing grondwet Malta. Mila, L. Strickland kedah kaanggep dados oenderaning nalar ingkang andjalari wontening sadaja pasoelajan agama ing Malta.

Palapoeranipoen Mgr. Robinson, ingkang tinoeding niti priksa dateng Malta, amratélakaken babar pisan boten saé toemrap Lord Strickland, mila Vaticaan ladjeng netepaken L. Strickland poenika satoenggiling p e r s o n a  n o n  g r a t a, satoenggiling tijang ingkang boten pantes dipoenaosi.

Dipoen-genahaken bilih „dongèngané wong sing njipati" (— „het verhaal van een ooggetuige" —) ingkang kaoemoemaken ing Vaticaan sarta ladjeng kawastanan dora, ora idep wirang, déning para minister Malta, poenika asli saking Mgr. Robinson pijambak.

Dipoenserep-serepaken saèstoe bilih ingkang ngoendangaken „dosa ageng manawi milih parténipoen nagari" poenika namoeng sawenèhing ngoelama-parochie, toer oendang waoe sampoen katarik wangsoel ing Kg. Biskop.

Vaticaan boten saged nindakaken bedamèn ing dalem paprangan-pilihan, margi wewenangipoen para ngoelama ingkang kaserat ing grondwet boten dipoenakeni (— Het Vaticaan kan geen wapenstilstand in den verkiezingstrijd aanvaarden.)

Vaticaan ngadjeng-adjeng lestantoening pamitran kalijan Inggris, sarta oegi ngadjeng-adjeng soepados Baritanijah ngalang-alangi actienipoen Lord Strickland ingkang „mitoenani" poenika. Vaticaan boten badé nglirwakaken ichtijar poenapa-poenapa ingkang pakolèh kanggé moelihaken kawontenan ing Malta wangsoel kados waoe-waoenipoen.

# KABAR OEMOEM
## INDONESIA.

### Darma Likasan.

*Ketjil* saking Semarang martosaken bilih saking ada-adanipoen pakempalan P.G.H.B., B.O., K.W., P.P.K.D., M.D., J.I.B. lss., ing ngrika oegi wonten comite (— saking golongan Indonesiers—) perloe ngoepadosaken darma kanggé sadèrèk ing Likasan.

### BEGROOTING 1931.

**Aneta tg. 16 Juni, njarijosaken rantjangan begrooting 1931 ingkang katampèkaken dateng Raad Kawoela anedahaken p a m e d a l i p o e n  n a g a r i  r e s i k  t j a l o n  517  m l i j o e n  396  è w o e  476  r o e p i j a h.**

**A r t a  i n g k a n g  k a w e d a l a k e n,  r e s i k,  t j a l o n  517  m l i j o e n  079  è w o e  332  r o e p i j a h.  D a d o s  k a r a n t j a n g  w o n t e n  b a b a t è n  317  è w o e  144  r o e p i j a h.**

**Kadjawi ngindakaken paos-paos kados ingkang kapratélakaken ing nginggil (—zie sabda G.G.) nagari ngoesoelaken badé pados pamedal malih sarana 1. Ngindakaken p a o s - m e d a k - s a k i n g - b a i t a (ontschepingsgeld) toemrap bangsa ngamantja f 100 dados f 150. Kedjawi poenika sarana ngindakaken zegelrecht toemrap t o e l a t i n g s  k a a r t e n kanggé koeli² kontrak saking tanah mantja ingkang satelasing kontrakipoen teroes manggèn ing tanah ngriki f 15 dados f 75. 2. Ngawontenaken paos t o e m r a p  t o e t o e m p a k a n  i n g k a n g  l o e m a m p a h  s a r a n a  m o t o r ing sadjawining tanah Djawi (in het rechtstreeks bestuurd gebied in de buitengewesten) ingkang dèrèng wonten paos makaten poenika.**

**Toemrap oesoel no. 1 karantjang saged ngangsalaken pamedal 1,9 mlijoen, déné oesoel no. 2 ngangsalaken n e m  t o n roepijah.**

**I n g k a n g  k a i r i d: standplaatstoelage blandja f 1000 minggah,.... itjal; blandja ing wekdal verlof kasoeda; personeelcredieten kasoeda 4 $^0/_0$; ngedakaken golongan ambtenaar schaal B dateng schaal A.**

**I n g k a n g  b e g d j a: Inl. schrijvers B.B. lan personil-pelaboehan ingkang andap - andap dipoensaèkaken blandjanipoen.**

### Panglong mindsk saé.

Wiwit taoen 1925 Arbeidsinspectie wiwit manah kawontenan ing Panglong-panglong sadjawining tanah Djawi ( — Panglong poenika panggaotan amblandong (negor kadjeng) gadahanipoen Tionghoa—).

Salebetipoen sakawan taoen poenika sampoen wonten éwahipoen. Sadaja pamblandongan Tionghoa waoe saben tiga - kawan minggoe dipoenpriksa, andjalari itjalipoen tindak sawenang-wenang (medjahi, niksa, lss.) dateng koeli-koeli Tionghoa.

### Sasambetan kalijan Zweden sarana radio.

Wiwit tanggal 7 poenika, sasambetan tilpoen kalijan Zweden medal Djerman wiwit kabikak kanggé oemoem, waragadipoen f 64,50 saben tigang menoet, langkoengipoen saking semanten f 21,50 saben menoet.

### Regent Bandoeng.

Roemijin naté kawartosaken, toewan Wiranatakoesoema, boepati ing Bandoeng badé kèndel, nanging sapoenika boten saèstoe.

### Journalistiek Indonesia.

*Sad. Kanoen* tilas Hoofdredacteur *Pewarta Deli* mlebet wonten s.k. *Oetoesan Sumatra,* dados boten saèstoe dateng *Deli Crt.*

*Sad. Djanin* wakil Hoofdred. *Oetoesan Soematra* mlebet ing *Pewarta Deli. J. Monoppo* èstoe dateng *Het Nieuws.*

### Voorschot Lebaran.

Paréntah kagoengan kersa badé njoewak babar pisan wontening voorschot kanggé Lebaran. *(Java Bode).*

### wd. Directeur Normaalschool bangsa Indonesia.

Kanti officieel kawartosaken bilih *M. Samoed Sastrowardojo* onderwijzer 1e klas Mulo Probolinggo kaangkat dados wd. directeur Normaalschool Djombang. Poenika Indonesiër sapisanan ingkang dados directeur Normaalschool inggih sanadjan namoeng waarnemen.

### SAKING NGAJOGJAKARTA.

*Dalang wedalan Habiranda.*

*Habiranda* mentas ngedalaken dalang énggal tiga: M. Hardjasoepena (dalang Moentilan); R. Poespasoedarma (prijantoen Ngajogja); M. B. Hardjawardaja (mantri goeroe N.S. Mtln.) —

*Sadèrèk Darmadihardja.*

Sadèrèk Djadija Darmadihardja, panitra P. G. H. B., ingkang misoewoer anggènipoen *populair,* dados sekaring padjagongan, pindah dateng Malang. Kala „sapatemon slamet djalan" wonten Prawirasoemartan, wonten prijantoen 30 sami ngatingalaken tresnanipoen dateng *humorist* ingkang katah labetipoen dateng pakempalan Kath. lan dédé Kath. ing ngriki. — Begdjanipoen kadang Kath. Malang!

*Hondsdolheidordonnantie.*

Pranatan soepados boten wonten sagawon édan, wiwit 1 Juli *dipoenkerasi.* Sampoen kesoepèn: brangoes, ranté 2 M. Toemindaking ordonantie waoe doemoegi 16 October.

### PAWARTOS SAKING KENDAL.

*Dibyatjaraka,* martosaken:

**P. P. P. P.**

Ing kita Kendal wonten pakempalan „*P(erkoempoelan) P(enolong) P(egawai) P(indah)*". Madegipoen wiwit 19 April 1928.

Warganing pakempalan waoe kawadjibaken njèlèngi minimum f 0,50, oetawi tetikelanipoen samanten. Manawi tjélénganipoen para warga waoe sampoen sami kalijan blandjanipoen, warga kamardikakaken. njèlèngi kénging boten kénging.

Saben taoen kaoentoengan resik, sasampoenipoen kapendet $20^0/_0$ kanggé resico-fonds, dipoenbagé radin mitoeroet katah sakediking tjélénganipara warga. Resico-fonds waoe angsalipoen saking arta entree sarta sapéranganing arta kaoentoengan resik ($20^0/_0$). Arta resico - fonds, tjéléngan lan kaoentoenganing pakempalan waoe dipoensimpen ing Volksbank Kendal.

*Woedjoeding pitoeloengan waoe kados-poendi?* Sadèrèk ingkang sampoen ngasta pandamelan wonten ing ngamantja, kerep ngroemaosi répot bab pambektanipoen oetawi panjadénipoen barang: médja, koersi, bala petjah lsp. Bab poenika toemraping kita Kendal boten noesahaken, awit tjekap barang ingkang badé kadindal kapasrahaken dateng pangrèhing pakempalan P. P. P. P.

Barang ingkang sampoen kapasrahaken pangrèh P. P. P. P. ladjeng kasadé dateng para warga, pangaosipoen kaindakaken $6^0/_0$ kapétang saking taksiranipoen pangrèh. Pambajaripoen warga ingkang noembas barang waoe, sarana nitjil saben woelan, lan salebetipoen tigang woelan kedah loenas. Prijantoen ingkang pindah kantoen nampi kropjoking arta saking pangrèh — contant — kapendet $6^0/_0$ kanggé kasing pakempalan!

### Tanpa Nama.

Kadjawi pakempalan P.P.P.P. ing Kendal wonten pakempalan malih „*V. C. C. Tanpa - Nama*" ingkang toedjoenipoen oegi njaèkaken bab economie. „*V. C. C. Tanpa Nama*" wetahipoen *Verbruiks* - dan *Crediet-Coöperatie* Boemipoetera „*Tanpa-Nama.*" „Tanpa Nama poenika" oemoeripoen sampoen langkoeng katah tinimbang kalijan P. P. P. P. Bandanipoen sadaja mèh wonten 3000 roepijah. Doemoegi woelan poenika tjatjahing warga wonten 46. Saja kijat malih manawi para prijantoen ing kita Kendal sadaja karsa ambjoek wonten ing „Tanpa Nama." Margi saking kaprigelanipoen para pangrèh lan setijanipoen para warga, oeroesanipoen administratie bèrès.

# MANTJA NEGARI.

**HINDOE.** *Ébah-ébahan Gandhi.*

Salebetipoen minggoe kapengker pawartos ébah-ébahan - Gandhi ing Hindoe boten patos katah. Mangka kados ingkang kawartosaken ing ngriki sawenèhing kita kadosdéné Bombay lss., sami neda pitoeloengan soldadoe. Ingkang makaten waoe inggih boten anggoemoenaken awit manawi ngleresi wonten dahoeroe makaten poenika, wedaling pawartos mawi katiti-priksa.

Tilgram saking Bombay tanggal 16, martosaken wonten golongan kabangsan katah sami ngalempak wonten sangadjeng toko Inggris Whiteaway lan Laidlaw. Poelisi dipoenpisoeh - pisoehi. Poelisi toemandang, . . tijang sadaja kataton. Ing pinten - pinten prenah wonten bom ndjeblos. Toko - toko kaineb.

Tilgram saking Bombay tanggal 21 Juni, njarijosaken, sanadjan wonten awisan kentjeng tijang keklempakan, éwadéné ing Maidon wonten tijang katah sami ngalempak ing ngrikoe. Nalika poelisi ambibaraken, wonten tijang 35 sami kataton, kalebetaken grija sakit. Ingkang mengagengi klempakan waoe Motilal Nehru.

**INDO CHINA.** *Tijang èstri inggih toemoet.*

Sampoen katjarijosaken, awaling woelan poenika achiripoen woelan Mei ing Chomoi, Cantho lss. toewoeh dahoeroe. Tétéla oegi bilih tijang èstri lan laré wonten ingkang toemoet arak - arakan ingkang sami ngèsti: 1e. Mardikanipoen tetijang tahanan ing Sodec lan Chomoi; 2e. Neda soedan paos sapalihipoen. 3e. Neda itjalipoen arta peken; 4e. Neda soepados ngrampas patandon-

KAPINDAH
saking pamoelangan
angka II **Balapan Solo**
dateng pamoelangan
angka II, ing **Djatinom,**
**Klatèn.**
1 Juli 1930.
*MARTAWIHARDJA.*

# ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

## AWAS SADÈRÈK, . . . . SAMPOEN NGÉTJA - ÉTJA!

### Pindahipoen bangsa Djawi dateng Soematrah.

„Manawa kowé ora bisa ngetokaké kasilé tanahmoe kang marga loh djinawiné bisa njoembang akèh kaboetoehané donja, . . . . . *akoe* sing bakal toemandang ngalah!"
(R.M.A.A. Koesoemo Oetoyo, nalika amboekani badé tapoekipoen konggrès Regentenbond Sedyo Moeljo, tanggal 14 Juni).

Pakempalanipoen pàra Boepati, anama *Sedyo Moeljo* mentas ngawontenaken konggrès ingkang kaping kalihipoen, manggèn ing Betawi.

Rembag ing dalem konggrès waoe kalih warni, i. p. gandèng kalijan prakawis ngalihipoen bangsa Djawi dateng Soematrah kalijan bestuurshervorming ing tanah Sabrang.

Ingkang badé koela rembag ing ngriki namoeng saprakawis, i. p. gagandéngan kalijan pindahipoen bangsa Djawi dateng tanah Soematrah.

Saben tijang saged ngraosaken *sesaking panggesangan* ing tanah Djawi. Saben tijang soemerep, ing tanah Djawi katah sanget tijang boten pikantoek pandamelan. Mangka *djiwa* ing ngriki boten saja soeda, destoen *mindak andrebala matikel-tikel.* . . . .

Nanging, . . . sok tijanga inggih mangertos ing tanah Soematrah, Bornéjo, taksih wonten pinten-pinten siti *mloewa* majoeta - joeta hectare.

Mila, sampoen leresipoen Regentenbond Sedyo Moeljo anggadahi pamanggih: *perloe sanget tijang Djawi sami pindah dateng Sabrang amboebak wana.*

Moegi pamanggihipoen konggrès Regentenbond waoe sageda amboeka manahipoen tijang Djawi sami reboet doetjoeng dateng tanah Sabrang *andoedah banda* ingkang taksih kasasaban wana gerotan.

Moegi sageda ngébahaken manahipoen para nénéman *amboetjal* wawatekan *namoeng nresnani potlot lan pèn.*

Gandèng kalijan mloewanipoen tanah Sabrang waoe, R. M. A. A. Koesoemo Oetoyo, mawi mahjakaken soemelanging panggalih: mangké manawi tanah waoe kedangon boten kopèn, *tijang sanès* gèk ladjeng moengel:

„Als gij niet in staat blijkt te zijn uw gronden, die door hun vruchtbaarheid zooveel kunnen bijdragen tot de voorziening in de wereldbehoefte, zelf productief te maken, dan zullen wij de exploitatie in eigen hand nemen."

(— „Nèk kowé ora bisa ngasilaké tanahmoe kang marga loh djinawiné, . . . . enz. . . .) (koela atoeri mriksani pretalan ing nginggil).

* * *

Sadèrèk! Ingkang dipoensoemelangaken R. M. A. A. Koesoemo Oetoyo waoe, ing titi mangsa poenika sampoen wonten kalébatipoen badé *andoera dasihi.*

Prakawis poenika, Patjar Mérah saged nedahaken. Mangga katrangan ing ngandap poenika pandjenengan *tjatet.*

*A.* Gandèng kalijan sesaking panggesangan ing Djepang, *professor Warren S. Thomson,* tijang Amerika sobatipoen Djepang, mitoetoeri bangsa Djepang soepados *neba dateng poelo - poelo Indija bawah Walandi:*

„Nebaa waé njang poelo - poelo Indija bawah Nederland. Ning, tanah Djawa siriken, awit wis njoekoepi wongé. Ing bawah Walanda lan bokmanawa ing bawah Inggris, rak akèh lemah - lemah sing mloewa, kajata: Borneo, Nieuw Guinea, Soematra. Moeng baé jèn bawah Inggris sing ngati - ati, lo! Nèk Inggris ora dong perang, aloewoeng adja ngedjègi oet. neba ing tanah djadjahané Baritanijah!"

Makaten sadèrèk, soeraosing andaranipoen D. G. Young, hoofdredacteur „Japan Weekly Chronicle" wonten ing serat minggon waoe, kala 1 Mei, . . . . . . ingkang ladjeng kapetik wonten *Nieuw Soerbj. Courant.*

Dados, . . . . . . manawi Djepang nggega pitoetoeré sobatipoen, badé saja katah tijang Djepang amboebak siti-siti Indonésijah. Sapoenika kémawon ing Bornéjo sampoen katah tijang Djepang gadah onderneming karèt, klapa, lsp.

*B.* Afdeelingsbestuur I. E. V. ing Glenmore, sakidoel Banjoewangi, mentas ngintoenaken verslag „kawontenanipoen „*Klein - Landbouw-Kolonie*" gadahanipoen I. E. V. ing ngrikoe, dateng *Nw. Soer. Courant.*

Katjarijosaken,
manawi tanpa alangan salebetipoen 10—15 taoen tijang saged ngrampoengaken pamboekaking siti pandoemanipoen 25 baoe. Ing ngrikoe, tijang ladjeng saged gadah pamedal ± f 2000 ing dalem sataoen. Ing wekdal sapoenika siti 850 baoe ingkang kapasrahaken tetijang waoe, wonten 130 baoe ingkang sampoen kaboebak, saged ngedalaken pamedal f 120 sataoen, ing dalem sabaoe.

Kapratélakaken oegi, bilih panjamboet damelipoen tetijang Indo ing ngrikoe inggih mawi baoe *Inlander* (bangsa Djawi lan Madoera). Lan, . . . . . . boten kirang familie Indo - tani ingkang angsal pangaoeban ing grijanipoen Inlander.

Gandèng kalijan anggènipoen tijang tani Indo ing ngrikoe nganggé baoe Inlander, manggèn ing grijanipoen Inlander, . . . . *N. Soer. Crt.* ladjeng ngetingalaken *sengitipoen* kalijan Inlander, nedahaken *ketaha, moerkaning* manahipoen.

Koran waoe tjarijos: kempalipoen Indo kalijan Inlander wonten salebeting landbouw-kolonie waoe, *mitoenani* golongan Indo, *njoedakaken kasil, ngitjalaken raos kabangsan Walandi.*

Kados-poendi pitoetoeripoen manah *ketaha, moerka,* ing *N. S. Crt.* waoe? Soeraosipoen kémawon makaten:

„Nèk tjabang - tjabang I. E. V. arep ngedegaké pateban - tetanèn - tjilik, poma *adja ditandangi karo si Inlanders.* Inlanders prenahna *sadjaban lawang* waé. Andjaloeka persil sing akèh, djembar, lan . . . tandangana déwé, nganggoa baoené sadoeloer - sadoeloermoe déwé, oetawa baoené anak van der Steur ing Magelang. Nèk ora olèh, ndjaloek groot perceel kaja ngono maoe, ndjaloeka waé persil-erfpacht, bandjoer didoem - doem dadi persil tjilik - tjilik. Nèk isih ora olèh ndjaloeka toeloeng Volksraad fractie, lan Vaderlandsche Club mesti gelem ambijantoe actie sing mangkono. Apa manèh kleinlandbouw - kolonie maoe koedoe dielar menjang tanah Sabrang, ning poma si *Inlander adja olèh mèloe - mèloe.*"

Sadèrèk! Katrangan koela kaseboet ing *A.* lan *B.,* dalah *pangodjok - odjokipoen N. Soer. Crt.* dateng golonganipoen, andjarwani koela sadaja dateng regemenging wawajangan ingkang tjalon kelampah ing djaman *béndjing.*

Margi makaten waoe, poenapa lepat anggèn koela matoer bilih ingkang kasoemelangaken pandjenenganipoen R. M. A. A. Koesoemo Oetoyo sampoen katingal lelamoekipoen badé andoeradasihi??

Manawi kita kirang *gelar,* kirang *pratikel,* kirang *moelat,* boten sandé badé kawon *okol,* kawon *desoek,* kalijan golongan Indo I. E. V. ingkang sampoen tjékat - tjèket boebak wana wonten ngrika-, toer sampoen dipoenodjok - odjoki *N. Soer. Crt.* nginebi kori para Inlanders!

Ingkang Witjaksana Goepernoer Djéndral kalanipoen napoekaken konggrès „Sedyo Moeljo" kaseboet nginggil, mawi ngandikakaken golongan Inlandsche ambtenaren kalijan Paréntah sami déné ambetahaken loeng - tinoeloeng, *njamboet damel sasarengan.*

Lan koela inggih mangertos oegi, kalanipoen Ingkang Witjaksana badé napoekaken parepatan Raad Kawoela, kala 16 Juni, mawi ngandikakaken: Nagari badé paring *kalonggaran lan pitoeloengan njekapi* dateng panggajoeh *mranata pribadi babagan oemoem* (— pretalanipoen kakoe!! Patj. Mrh.—): „voldoende ruimte en steun te bieden aan het streven tot maatschappelijke zelfordening."

Sabdanipoen Ingkang Witjaksana kalih pisan poenika, manawi kalarasaken kalijan gagajoehanipoen Sedyo Moeljo bab pindahipoen tijang Djawi dateng Soematrah, sarta ladjeng kaembat malih kalijan tradjangipoen I. E. V. toemrap Kleinlandbouwkolonie dalah pangodjok-odjokipoen *N. Soer. Crt.* pisan, . . . . ladjeng noewoehaken *pitakénan:* „Keprijé bakal tandoeké Paréntah manawa golongan I. E. V. bandjoer dal-del ndjaloek alas ing kana-kana, . . saja manawa oepamané enggoné njoewoen maoe nganggo disétani N. Soer. Crt.??? Apa Paréntah bakal manggalih jèn wong Djawa (Indonesia) déwé amboetoehaké tanah-tanah maoe??? (— ija sanadyan saikiné doeroeng ngétokaké enggoné amboetoehaké —). Apa Paréntah bakal nglenggahi babasan: *„Het hemd is nader dan de rok"* — „Abot telak tinimbang sanak" — Abot sedoeloer tinimbang wong lija??"

Wangsoelaning pitakénan poenika, dèrèng (boten) perloe koela wangsoeli samangké. Ngentosi kala mangsanipoen!

Namoeng weling koela: ingkang *moelat, prajitna, pratikel, sampoen ngétja-étja!!*

Kumuningsaselé, 22 Juni '30.
Taklim: PATJAR MÉRAH.

**M. v. BIENE.**

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA Telf. 252 — BANDOENG Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

**Pembatja SWARA TAMA,** dengan bawa lembaran Swara Tama dapat **POTONGAN.**

PAKOLÈH TOER LOEWESAN SAÉ TOEWIN AWÈT INGGIH NAMOENG

MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W.

**Nitjil kénging! – Kentjèng soekoer!**

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG

MALIOBORO — DJOKJA — TELF. 508.

Boeat toean poenja

**Recept**

ERCEE

APOTHEKEN

**Rathkamp & Co**

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

TOKO BARANG-BARANG

H. SPIEGEL — Djokja.

**ADRES JANG PALING BAIK, boeat:**

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan — permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN MOERAH SEKALI!

**Toko DJOEN & Co., Djocja.**

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannja.

**ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.**

**SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.**

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electries, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tanggoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.
Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengen hormat
**Toko DJOEN & Co.**

AGENT KANGGÉ SALEBETIPOEN NGAJOGJAKARTA.

**Sepeda-sepeda merk:**
SIMPLEX Cycloide, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin.
TOURIST: A. A. sarta A.

**Sedija oegi sepeda merk:**
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONIG.
Sarta malih sepeda mirah wiwit pengaos f 55.—, f 65.—, f 75.— saprabotipoen: Klinting, pompa, lentéra sarta tas isi perkakas koentji sarta wadah lisah.
Mentas tampi per S.S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk: ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metallicus.
Sedija oegi Djas djawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoen tosan sarta tjèt wènter.
PENJADÉJAN KENTJÈNG SARTA KATJITJILAKEN.
Menawi perloe moendoet katerangan, badé kakintoen pratélanipoen kalajan lelahanan.
Njenjadang Welingan.

**Rijwielenhandel Reparatie-inrichting en Smederij: „WIRIOSOESENO"**
**Lodjiketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.**

TJÈT GILAP wedalan FRIELING model A.

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **kawadahan ing blèg, netto** | **10** | **5** | **2½** | **1** | **½ kilo;** |
| **sablèg regi** | **10,50** | **5,50** | **3,-** | **1,30** | **0,75;** |

TJÈT GILAP model B, kanggé ndjawi lan nglebet namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50; 5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJET R. B. FRIELING

**Gondhomanan 80 — DJOKJA — Telefoon no. 784.**

**INTERNAAT NGAJOGJAKARTA.**

Badé kabikak béndjing Djoeli tanggal 1 taoen 1930 pantisiswa (internaat) kanggé para moerid Djawi golongan anakipoen tijang tjekap, sinaoe ing pamoelangan andap oetawi ladjengipoen pamoelangan andap; papanipoen wonten ing tilas grija mardi laré (verzorgingsgesticht) ing Bintaran kilèn 16 Ngajogjakarta. Bajaranipoen oenda-oesoek wiwit f 20 — f 35 ing sawoelan mawi-mawi pamedalipoen, kasoewoen roemijin ing saben woelanipoen.
Sinten prijantoen ingkang badé noempangaken, moegi pratéla dateng salah satoenggilipoen prijantoen ngandap poenika:

| | |
|---|---|
| R. M. L. J. Sastrawinata | *Koemendaman.* |
| R. S. Danawinata | *Tédjakoesoeman.* |
| R. C. Soegiri | *Koemetiran.* |
| R. F. Oetaja | *Langenardjan.* |
| R. M. J. Hardjadiningrat | *Sasraningratan. (Pakoealaman).* |


ipoen pantoen para tijang gadah, ladjeng kaedoema dateng kantja tani. 5e. Neda wontening pranatan mrajitnani awising wos.— Toewan Varenne tilas goepernoer Indo wonten parlement ing Paris kala ngrembag dahoeroe Indo-China, manoet tilgram 20 Juni, neda soepados negari ngawontenaken komisi perloe matitisaken tatanan poenapa ingkang kedah katindakaken Frangkrijk. Prantjis kateda soepados ngawontenaken éwah-éwahan ingkang noentoen dateng Autonomie kanti pangajomanipoen Parangakik. Manawi Indo-China kamardikakaken sapoenika, badé damel tjilakaning tanah waoe.

**DJEPANG.** *Tijang nganggoer.*
Januari taoen poenika, wonten pabrik 3482 ngedalaken tijang 70.789, lan wonten pabrik 2768 ingkang nampi poenggawa énggal. Dados ingkang nganggoer: 6682. Tijang ingkang kawedalaken waoe ingkang katah pijambak poenggawa pabrik soetra (36.700 tijang), Koeli-koeli ingkang sami kawedalaken, ingkang 11% margi kabekta déning kawontenan ingkang kedah nindakaken pangiridan. Serat-serat kabar katah ingkang ngrewrat pawartos daredah ing salebeting panggaotan ingkang kasababaken margi soedaning bajaran.

**DJERMAN.** *Pinten samboetanipoen?*
Wiwit Maart '28 doemoegi akiripoen taoen '29, samboetanipoen Djerman mindak 6000.000.000 Mark. Samboetanipoen sadaja ladjeng 20,6 milliard Mark. (1000 mlijoen × 20,6 Mark).

**PARANGAKIK.** *Barang peteng.*
Ambtenaar pelaboean ngonangi tjandoe peteng lss. 1000 kilo, pangaos 30.000 pondsterling wonten ing baita Itali lan Inggris. Kintoenan waoe, saking Istamboel, kakintoenaken dateng Frangkrijk - Kidoel, Tiongkok lan Indo China.

**BARITANIJAH.** *Tijang nganggoer.*
Minister van Arbeid, *Miss Bondfield,* tanggal 19 Juni poenika njarijosaken bilih tjatjahing tijang nganggoer ingkang katjatet, ing pabrik tosan lan wadja kémawon wonten 68.000.

**BOLIVIA (AMERIKA KIDOEL).** *Brontakan.*
Ing Bolivia wonten kraman. Djéndral Kuntz bangsa Djerman ingkang njamboet damel wonten barisan Bolivia, minggoe kapengker dipoentjepeng golongan kraman. Kraman waoe katah ingkang pladjengan saking soeldadoe. Kita Villazon ing tapelwates, wonten tanganipoen tijang kominis.

**ROESLAN.** *Kraman ing Wladiwostok.*
Wonten *Mataram* avondblad 23 Juni, koela maos soeraosipoen kados ing ngandap poenika.
Kaoem berah pamelikan ing Suoban tjelak Wladiwostok mangandjoeri brontakan, boten angakeni bilih toentoenan-Sovjet poenika satoehoening Paréntah Roeslan. Ingkang brontak 5000 langkoeng, kalebet oegi soeldadoe Sovjet ing Wladiwostok lan kiwa tengenipoen. Sovjet-regeering boten katingal toemandang nambak wedaling rah, poenika angantawisi sangeting kawontenan ing ngrika. Panganggep makaten poenika kapanggih nalar, manawi ngèngeti Moskou tanah ndorakaken sadaja pawartos bab boten tarimahing manahipoen kawoela Sovjet.
Ingkang dados *sababing kraman,* margi tjara *„pada ndoewèni"* (collectivistische systeem) jasanipoen Stallin dictator Sovjet ingkang sapoenika. Tijang-tijang dipoenpeksa kapoerih njoekakaken sabin lan patandonipoen teda dateng nagari, mawi pradjandji badé dipoenoeloeri teda sasarengan (- sama rata - sama rasa -) perloenipoen soepados boten keloewèn, Paneda dipoenpinangkani, nanging kasagahanipoen nagari boten dipoentetepi satemah tetijang sami sanget katjingkrangan langkoeng-langkoeng tijang tani.
Ing provincie *Amoer* (Siberie) tetijang inggih sami boten seneng, para tijang tani sami kaodjok-odjokan soepados ngipataken pikoelan Bolsjevistisch. Soewaoe sami njakabat dateng Stallin, sapoenika sami njatroe beboejoetan! Sadaja pangarih, boten andajani.
Ébah-ébahan anti-Stallin ing ngrikoe poenika kénging kaanggep dados toeking ébah-ébahan ingkang tjalon mrèntèk mrika-mrika ing Roeslan.


**Zoo juist verschenen:**

ZESDE LEERJAAR VAN

**ONS TAALBOEK**

STEL- EN SPELOEFENINGEN

VOOR DE H. I. S.

DOOR

**A. van DIJK.**

DRUKKERIJ „CANISIUS" DJOKJA. — **PRIJS F 0.75.**

KLEERMAKER ACHMAD

TAMBAKSEGARAN

SOLO

Pantji soedija kanggé para kakoeng

**mawi modèl warni-warni; oegi nampi welingan badé roepi-roepi.**

**DAMELANIPOEN NÈTJES: ÉPAHANIPOEN PANTES.**

EIGENAAR ACHMADJASIN


**FINLAND.** *Nandangi Communisten.*
Tilgram Locomotief saking Helsingfors 19 Juni, martosaken: nagari badé ngerasi golongan kominis. Golongan *fascisten* béndjing wiwitan oet. tengahan Juli badé mangsah joeda mengsah Comministen. Golongan kominis ingkang kala pilihan wekasan poenika angsal soewanten 130.000, sarta saged ngrebat koersi parlement 23, katawis goegoep, sami tata-tata sarta ngimpoen para kaoem berah mérah.